



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 20/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO AKADEMI JENÈS MLB NAN ROBERTO CLEMENTE STATE PARK**

***Nouvo akademi bezbòl ak sòfbòl ki nan Roberto Clemente State Park ta dwe triple patisipasyon jèn yo nan pwogram pak Bronx yo***

***Yon kolaborasyon ant Lig majè bezbòl, Asosyasyon jwè lig majè bezbòl, Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo epi New York State Parks***

Jodi-a, Gouvènè Cuomo te anonse yon patnèchip ant Eta New York, Lig majè bezbòl, Asosyasyon jwè lig majè bezbòl ak Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo ki pral kreye yon akademi pou bezbòl ak sòfbòl pou jèn yo nan Roberto Clemente State Park ki nan Bronx. Depi kounye-a, kademi-a pral desèvi plis pase 1,500 jèn nan Roberto Clemente State Park, sa ki pral triple kantite moun k'ap patisipe nan pwogram pak bezbòl la. Enstalasyon yap renove pou bezbòl ak sòfbòl la pral resevwa yon finansman 6,5 milyon dola nan men eta-a, 4 milyon dola nan men Lig majè bezbòl ak Asosyasyon jwè lig majè bezbòl, epi 750,000 dola nan men jwè New York Yankees Alex Rodrigwuez. Y'ap chanje non pak sa-a pou rele li Akademi Jenès MLB nan Roberto Clemente State Park.

«Nou dwe investi nan jenerasyon Nouyòkè k'ap vini an, e nou dwe ba yo tout opòtinite posib pou yo grandi epi pou yo gen siksè,» **Gouvènè Cuomo te deklare.** «Rive garanti kominote nou yo gen kote sekirite pou aktivite deyò se yon bagay ki fondamantal nan leve timoun. Gwo patnèchip sa-a pral bay timoun ki nan Bronx yo yon bèl instalasyon tou nèf epi opòtinite pou devlope kapasite esansyèl ki ap itil yo pou tout vi yo.»

**Komisyonè bezbòl la, Robert D. Manfred, Jr. te deklare:** «Lig majè bezbòl la, jwè yo ak klèb yo priyorize bay jèn yo, patikilyèman sa k'ap viv nan kominote ki manke sèvis yo, opòtinite pou jwe bezbòl ak sòfbòl. Nou fyè dèske nou fè pati pwojè sektè prive ak piblik k'ap devlope Akademi MLB pou jèn ki nan Roberto Clemente State Park ki nan Bronx. Nou kwè pwojè sa-a pral etabli pwochen jenerasyon bezbòl nan New York pral genyen.»

**Alex Rodriguez, jwè New York Yankees ki genyen All-star la 14 fwa epi ki se 4<sup>èm</sup> sou lis Home Run, te deklare:** «Se yon onè pou mwen kolabore ak MLB, Gouvènè Cuomo, MLBPA, Depatman Pak Eta-a epi Harlem RBI sou yon pwojè ki pral pote yon teren bezbòl ak yon pwogram wo nivo pou timoun nan Bronx. Timou sa yo deja gen yon konneksyon spesyal ak bezbòl paske Stad Yankee tou pre lakay yo. Mwen swete pak

sa pral ba yo yon chans pou yo fè eksperyans jwèt la epi reve gran, keseswa sou teren yo oswa nan graden yo.»

### **Nouvo akademi bezbòl ak sòfbòl ki nan Roberto Clemente State Park**

Ak sipò patenarya sa-a, State Parks pral konstwi yon teren pou plizyè tip aktivite nan pati nò teren bezbòl ki la deja-a, kote Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo pral ofri pwogram bezbòl ak tout sòfbòl. Sit Roberto Clemente State Park la pral ogmante seryezman kantite jèn Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo pral desèvi. Malgre li ouvri pou tout jèn New York, Akademe jèn MLB nan Roberto Clemente State Park pral sèvi antanke kote santral pou pwogram relansman bezbòl andedan vil yo nan Bronx ak Upper Manhattan. Se Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo ki pral jere epi administre enstalasyon-an, ki pral kouvri frè pou abit, ekipman bezbò debaz ak founi opsyon transpò pou ekip yo pou yo vini nan pak la epi tounen lakay yo. Pwogram ofisyèl bezbòl pral kòmanse nan prentan 2017 avèk sòfbòl k'ap kòmanse nan nouvo teren pou plizyè aktivite-a lè li pare nan prentan 2018. Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo prevwa sèvi omwen 1,500 jèn toutswit nan Roberto Clemente State Park, sa ki pral triple kantite jèn k'ap patisipe nan pwogram bezbòl pak la kounye-a.

### **Patenarya ant Eta New York, Lig majè bezbòl, Asosyasyon jwè lig majè bezbòl epi Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo**

Biwo Gouvènè pou retablisman apre tanpèt ap pwofite de amelyoresyon ki te koute plis pase 50 milyon dola yo te fè nan Roberto Clemente State Park nan kad inisyativ NY Parks 2020. Biwo-a pral soutni Finansman pou retablisman apre dezast pou devlopman kominote ak yon finansman 5 milyon dola pou fini teren yo, sa vle di enstale yon nouvo teren pou jwen boul nan zòn sid teren ki egziste deja-a, konstwi yon plaza ki kole ak teren ki egziste deja-a, epi fè tout reparasyon jeneral nan tout nouvo konplèks pou jwe boul la. State Parks ap kontribye 1,5 milyon pou amelyore teren-an epi fè mizanivo nesèsè pou akademi-an.

Lig majè bezbòl ak Asosyasyon jwè lig majè bezbòl ap bay kontribisyon yo pou pwojè-a atravè MLB-MLBPA Fondasyon Devlopman Jenès, ki se yon fon konjwen pou ede fè jwèt la grandi nan nivo jèn ak amatè. Se plis pase 4 milyon dola òganizasyon yo pral dedye pou konstwi nouvo enstalsasyon spò epi sponnsorize Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo pou sèvi jèn Vil New York nan pak la.

Alex Rodriguez, ki se jwè New York Yankees deziyen-an, ap patisipe nan pwogram devlopman pou jènès depi lè li jèn e l'ap sipòte òganizasyon ki sèvi ak spò pou bouste devlopman kapasite elèv bezwen pou yo reyisi nan zafè lekòl, nan kominote yo ak nan karyè yo depi lontan. Nan kad travay li ak Harlem RBI se kontinye l'ap kontinye fè efò sa yo, e pou nou rekonèt kontribisyon 750,000 dola li fè nan pwogram lan, noufo teren nan Roberto Clemente State Park la pral rele «Teren Alex Rodriguez».

Anplis de mete pwogram an plas pou timoun ki gen 5 an omwens, Pwogram Harlem

pou relanse bezbòl andedan vil yo pral ogmante kapasite pou li ofri pwogram bezbòl ak sòfbòl ki konpetitif anpil pou jwè ak ekip ki gen anpil talan. Pandan l'ap ofri yon gwo nivo fòmasyon ak konpetisyon, Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo pral gade ki opsyon li genyen pou òganize tounwa bezbòl ak sòfbòl detanzantan epi cheche opòtinite pou jèn yon andedan vil New York oswa ozalantou vil la.

**Direktè Ekzekitif Asosyasyon jwè lig majè bezbòl la, Tony Clark te deklare:**

«Assosyasyon jwè lig majè bezbòl la ap rejwi dèske li ka kolabore ak pi ansyen manm li, Alex Rodriguez, Lig majè bezbòl, Eta New York ak Harlem RBI, pou finanse kreyasyon Akademi jenès ki nan Roberto Clemente State Park nan Bronx. Depi lè moun kòmanse jwe jwèt sa-a, bezbòl ak New York gen yon relasyon spesyal, se konsa ke kreyasyon Akademi jenès kin nan Bronx lan pral sèvi pou ranfòse relasyon sa-a. Nan melange modèl Akademi jenès ak gwo travay Harlem RBI ap fè n'ap rive ede jèn ki nan vil New York jwen plis opòtinite pou devlope kapasite atletik yo and nan lavi yo nan yon enviroanman ki gen sekirite ak ki enteresan.»

**Rich Berlin, ki se Direktè Egzekitif Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo, te deklare:**

«Opòtinite pou nou ogmante pwogram nou an pou bay plis timoun nan vil nou an aksè a sèvis se yon gow lonè e yon privilèj, spesyalman akòz de non moun pak la genyen an – Roberto Clemente – ki se yon anblèm karakteristik nou vle bay pitit nou yo, ki se travay di, angajman, pèseverans, lidèchip ak sèvis kominotè. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo, Komisyonè Manfred, Tony Clark ak Alex Rodriguez pou volonte yo genyen pou fè patenarya ki pa tradisyonèl sa-a ki pral pèmèt plis jèn nan vil nou an aksede a pwogram ak sèvis ki pral gen enpak pozitif nan direksyon lavi yo pral pran.»

**Rose Harvey, Komisyonè New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, te deklare:**

«Patenarya piblik prive sa-a pral amelyore pwogram bezbòl la anpil nan pak la ke yo bay non jwè bezbòl lejandè Roberto Clemente, pi enpòtan ankò, bay yon kantite pwogram amizman ak edikasyon ki pral ede konstwi lespri ak kò jèn nan kominote-a.»

**Lisa Bova-Hiatt, Direktè Egzekitif Biwo Gouvènè pou retablisman apre tanpèt, te deklare:**

«Ogmant envestisman inisyal nou an pou ankouraje rezilyans na Roberto Clemente State Park, angajman sa-a demontre ke Eta-a deside revitalize epi ranfòse byen kominote nou an ki te andomaje pandan tanpèt ki sot pase yo. GOSR kontan pou li patisipe nan pwojè kolaboratif sa-a, ki sèvi ak resous piblik ak prive pou kreye youn nan pwogram inik sa-a ki pral fè yon gwo diferan na lavi anpil Nouyòkè. Ansanm, nou ka akonpli objektif final nou ki se garanti ke pak la aksesib epi atiran pou moun ki rete Bronx, pandan ke n'ap vin pi kapab reziste enpak pwoblèm tan k'ap vini yo.»

Amelyorasyon nan Roberto Clemente State Park

**Amelyorasyon nan Roberto Clemente State Park**

Akademi bezbòl ak sòfbòl la ap pwofite de yon pwojè transfòmasyon nan Roberto Clemente State Park ki te koute plis pase 50 milyon dola – pwojè sa-a pral ede soutni pwogram bezbòl ak sòfbòl nan pak lan – nan kad angajman Gouvènè Cuomo te pran

pou revitalize sistèm pak eta-a epi ogmante aksè pou amizman deyò. Yo kòmanse travay sou pwojè 28 milyon dola k'ap dire 2 an pou rekonstwi klwazon tou pre Harlem River pou li ka vin pi rezistan lè gen tanpèt epi rann esplanad la pi vèt epi pi bèl pou li ka pi atiran, tankou yon zòn kote dlo-a ka monte desann. Konstriksyon ap fèt sou pwojè 7 milyon dola pou reyabilite plaza anwo kote majorite nan 1,3 milyon vizitè antre nan pak la. Pwojè-a pral ranplase sipò estrikti an asye li a ak platfòm, rebati eskalye ki kraze a nan nivo anba, bay plis panorama sou park la, amelyore peyizaj epi deplase gwo estati an bwonz Roberto Clemente yon kote ki pi enpòtan nan antre park la. Pwojè klwazon ak esplanad epi plaza ki anwo-a ta dwe fini an 2017, apre sa yon pwojè 7 milyon dola pou revitalize kòt nò pak la ak plaza ki pa anba-a pral kòmanse. Plaza ki pi ba-a sitiye akote yon zòn kote dlo ka monte oubyen desann, li gen yon konplèks pou piknik ki rekonstwi, yon zòn spektak, yon zòn pou jwèt, yon zòn pou moun chita, peyizaj ki amelyore epi eksperyans moun ka entèprete.

Roberto Clemente State Park gen yon sipèfisi 25 ak, li ofri yon kantite aktivite amizman ak kiltirèl pandan tout ane-a. Enstalasyon yo gen ladan yo yon bilding pou plizyè tip lwazi, yon konplèks pisin olenpik, teren boul, teren baskètbòl, zòn piknik, teren je ak yon espas pou moun mache ki bò dlo. Pak la louvri an 1973; li pote non premye Latino Ameriken ki rantre nan Panteyon Bezbòl la ki te yon moun charitab e ki mouri nan yon aksidan avyon pandan li t'ap pote èd bay viktim tranbleman de tè nan peyi Nicaragua.

Aprè 2018, Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo pral eksplòre kijan yo ka fè amelyorasyon enpòtan nan pati sid teren-an, agrandi teren pou plizyè tip aktivite-a, epi zòn lokal entretyen pak la pou amenaje yon kote pou timou ki gen 5-12 an jwe epi aprann. Si posib, antretyen instalasyon pak la pral renove pou yo ka ajoute yon sant antrènman ak fòmasyon bezbòl ak sòfbòl k'ap ouvri pandan tout ane-a.

## **NY Parks 2020**

Amelyorasyon pak yo reflekte angajman Gouvènè Cuomo pou fè revitalizasyon sistèm pak leta yo epi etann aksè a lwazi nan espas an plen è yo. [Pwogram NY Parks 2020](#) Gouvènè a se yon angajman plizyè ane \$900 milyon nan finansman prive ak piblik pou State Parks de 2011 a 2020. Bidjè Egzekitif pou lane 2016-17 Gouvènè a, mete \$90 milyon nan inisyativ sa a. An plis, ane sa a Gouvènè a te anonse pwogram [Connect Kids to Parks](#) yo ak Pak yo, ki ap bay jou antre gratis pou elèv klas katriyèm ane primè yo ansanm ak fanmi yo, epi kreye yon nouvo pwogram don pou transpòtasyon pou ede elèv nan lekòl defavorize yo vizite pak leta yo ak sit istorik yo.

## **Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo**

Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo bay jèn k'ap viv andedan vil yo opòtinite pou yo jwe, aprann ak grandi. Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo sèvi ak pouvwa ekip yo pou antrene, aprann epi enspire jèn yo pou yo ka rekonèt potansyèl yo epi reyalize rèv yo. Pwogram Harlem pou relanse bezbòl andedan vil yo se yon pwogram pou devlopman jèn yo ki pa gen parèy e ki ofri sèvis pandan tout ane-a ki baze nan East Harlem, New York. Depi lè yo fonde li a an 1991, Pwogram Harlem

pou relanse bezbòl andedan vil yo grandi epi ap sèvi plis pase 1,700 ti gason ak ti fi ki gen 5 an pou rive 22 an nan East Harlem ak nan South Bronx, chak ane, epi ki ba yo aksè a spò, aktivite aprantisaj ak anrichisman pandan tout ane-a.

## **Akademi Jenès MLB**

Pwojè sa-a se 10<sup>èm</sup> Akademi Jenès MLB kap louvri; li vin ajoute a lòt enstalasyon k'ap konstwi Dallas, Kansas City ak San Francisco. Premye Akademi Jenès MLB-a te louvri nan Compton, California an 2006. Depi lè sa-a, rezo-a grandi; li gen enstalasyon nan Cincinnati, Houston, New Orleans, Philadelphia ak Washington, D.C. Akademi Jenès MLB yo kreye pou yo bay fòmasyon bezbòl ak sòfbòl gratis oswa a bon mache pou patisipan yo, epitou yo ankouraje siksè akademik ak mantora.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418